

Pwogram Asistans Finansyè: Rezime nan Langaj Fasil

Yo Ofri Asistans Finansyè

Melrose Wakefield Healthcare fyè pou yo bay chak pasyan meyè swen yo kapab ba yo. Melrose Wakefield Healthcare ofri asistans finansyè pou pasyan ki pa ka peye swen dijans ak swen medikal ki nesèsè.

Èske m Kalifye?

Yo atann pasyan ki gen mwayen yo peye pou sèvis yo resevwa nan MelroseWakefield Healthcare. Sepandan, asistans finansyè disponib pou ou sou baz plizyè faktè, san wete asirans ou genyen, revni w (yo itilize prensip Nivo Povrètè Federal yo pou detèmine kantite asistans finansyè yo ka ofri), kantite moun nan fanmi w, byen w genyen, stati w antanke rezidan, ak lòt bil medikal ou genyen.

Yo ofri asistans finansyè pou pasyan ki pa gen asirans e ki manke asirans. Y ap bay yon pasyan asistans finansyè konplè oswa asistans finansyè limite sou baz kapasite l pou l peye montan yo faktire l la.

Yon pasyan dwe suiv pwosesis demann nan konplètman, sa gen ladan l depoze deklarasyon enpo, deklarasyon bank, ak fich pewòl, epi fè demann pou tout kalite asistans ki disponib, san wete MassHealth (Medicaid) oubyen lòt pwogram federal.

Ki jan m fè demann?

Si w pa ka peye, vizite sit wèb nou an nan <https://www.melrosewakefield.org/fap> kote w ka jwenn, telechaje, e enprime enfòmasyon sou Pwogram Asistans Finansyè MelroseWakefield Healthcare a ak Fòmilè Demann nan. Ou gendwa mande yo voye yon kopi gratis Pwogram nan ak Fòmilè Demann nan ba w nan lapòst lè w rele youn nan konseye yo site pi ba. Pou w jwenn èd pou w ranpli demann nan, oubyen pou w vin chèche yon kopi Pwogram nan ak Fòmilè Demann nan, ou ka rele youn nan nimewo yo oubyen vizite yon konseye nan youn nan adrès ki pi ba yo. Pou w pwograme yon randevou avèk yon Konseye Finans, rele 781-338-7111.

Sa k Pa Ladann

Pwogram nan aplikab sèlman anvè sèvis dijans ak sèvis medikal ki nesèsè yo rann nan MelroseWakefield Healthcare. Li pa aplikab anvè sèvis medsen ak lòt pwofesyonèl endepandan rann ki pa anplwaye nan MelroseWakefield Healthcare. Sa gen ladan l, pami lòt, anestèzyolojis, radyolojis, patolojis, ak evalyasyon laboratwa yo fè andeyò MelroseWakefield Healthcare.

Lòt Enfòmasyon

Si yon moun kalifye pou asistans finansyè, yo pap janm faktire l plis pase montan jeneralman faktire a (AGB) pou swen dijans ak lòt swen medikal ki nesèsè.

Moun ki pa Pale Anglè

Pwogram Asistans Finansyè a, Fòmilè Demann Asistans Finansyè a, ak Rezime nan Langaj Fasil la disponib nan (1) Espanyòl; (2) Fransè; (3) Kreyòl; (4) Italyen; (5) Pòtigè; (6) Grèk; (7) Ris; (8) Indi; (9) Chinwa; (10) Vyètnamyen; ak (11) Arab nan www.hallmarkhealth.org/financialcounseling, oubyen kontakte konseye finans yo.

Enfòmasyon pou Kontakte Konseye Finans yo

MelroseWakefield Hospital
Joan Batten
585 Lebanon Street
Melrose, MA 02176
1^{ye} Etaj toupre Pòt Antre Porter Street la
781-979-3437

MelroseWakefield Hospital
Ann Pesaturo
585 Lebanon Street
Melrose, MA 02176
1^{ye} Etaj toupre Porter Street
781-979-3593

Lawrence Memorial Hospital
Aminda Monteagudo
170 Governors Avenue
Medford, MA 02155
Etaj Anba a
781-306-6203